



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN IVÈ NAN SEZON EVÈNMAN PLAZA A YO

Ouvèti patinwa nan 3 desanm avèk premye "Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford" pou sezon an nan 4 desanm

Festival ekleraj pyebwa nwèl ak fe atifis nan sezon fèt Eta New York la ke Highmark Blue Shield of Northeastern New York prezante nan 5 desanm

OGS ak NYPA pral devwale nouvo sistèm ekleraj efikas pou enèji nan limen Empire State Plaza a nan koulè sezonye

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ouvèti ofisyèl Ivè a nan sezon evènman Plaza a yo.

Apati vandredi 3 desanm, patinwa Plaza "Paten" Empire a pral ouvri nan midi, si tan an pèmèt sa. Seremoni ekleraj pyebwa nwèl ke Highmark Blue Shield of Northeastern New York prezante pral fèt soti midi rive 8 p.m. nan dimanch 5 desanm.

"Ivè nan Plaza a se yon bon fason pou nou selebre sezon fèt la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford ak ekleraj ki enomik pou enèji a, evènman sa yo aksesib pou tout moun epi adapte pou planèt la - kidonk, soti nan kominote a epi amize w pou ivè a".

Ekleraj pyebwa ane sa a pral prezante yon nouvo sistèm ekleraj efikas pou enèji ki pral limen Empire State Plaza a nan koulè sezonye.

Komisè Pwovizwa OGS, Jeanette Moy, te deklare, "Kòm nouvo Komisè Pwovizwa OGS (Biwo Sèvis Jeneral), se yon onè pou mwen kontinye tradisyon anyèl transfòmasyonò Plaza 'Paten' Empire a pou tounen yon destinasyon ivè eksitan avèk aktivite ki bay vizitè yon fason enteresan pou yo rete aktif pandan tan glase a. Mwen ankouraje tout moun pou selebre sezon fèt la nan vini nan seremoni ekleraj pyebwa ak fe atifis Plaza a yo nan 5 desanm. Mwen vle remèsye esponsò jenere nou yo dèske yo rann Ivè nan Plaza a posib. Mwen vle felisite tou ekip mwen nan OGS ak patnè nou yo nan NYPA pou tout travay di yo pou amelyore Plaza a avèk limyè ki efikas pou enèji ak kolorye".

OGS, nan patenarya avèk Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), nan pwosesis pou ranplase ekleraj ki egziste nan plizyè sant OGS yo nan Eta New York pou mete limyè LED (dyòd) yo. Pwojè amelyorasyon LED la nan Empire State Plaza a gen ladan ranplase 95,000 aparèy limyè pa anndan. Li enplike tou ranplasman plis pase 360 limyè pa deyò avèk nouvo teknoloji LED k ap chanje koulè ki pral transfòme achitekti inik Plaza a pou tounen yon afichaj ki atreyan pandan l ap satisfè objektif enèji Eta a. OGS te fè patenarya avèk NYPA an 2019 pou kòmanse pwojè ekleraj LED la, avèk NYPA ki responsab pou bay finansman pou pwojè, konsepsyon ak jesyon konstriksyon an.

Logo "I Love NY" Eta New York la pral parèt nan sant patinwa a jan sa konn ye pandan ane anvan yo.

Patinwa Plaza a pral yon lòt fwa jwe yon gwo wòl nan yon seri evènman ak aktivite gratis ki prevwa pou sezon an, ki pral lanse avèk jounen ouvèti nan patinwa glas Plaza a nan vandredi 3 desanm avèk mizik DJ T.G.I.F. founi apati 6 pm rive 8 pm. Ekleraj Pyebwa Nwèl Eta New York la, ke Highmark Blue Shield of Northeastern New York prezante, pral fèt nan dimanch 5 desanm. Premye klinik Aprann Patine sezon an, ke Highmark Blue Shield of Northeastern New York prezante tou, pral fèt nan samdi 11 desanm.

Patinwa glas Empire State Plaza a pral gen ladan lokasyon paten gratis chak samdi pou sezon 2021-22, se koutwazi Sipèmakèt Hannaford. Premye Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford la pral fèt nan 4 desanm.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa NYPA a, Justin E. Driscoll, te deklare, "NYPA ak OGS ap aplike yon transfòmasyon enèji global nan Empire State Plaza atravè devlopman gwo jenerasyon solè adistans, pwojè ki efikas pou enèji ak rezistans nan avantaj konplèks la, epi nou trè kontan fini nouvo sistèm ekleraj LED la alè pou ekleraj pyebwa anyèl la ak sezon fèt la. Limyè yo gen kapasite pou byen klere bilding yo nan Plaza a pou koresponn avèk divès selebrasyon yo pandan ane a".

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Patinwa glas Empire State Plaza a se youn nan pi gwo tradisyon ivè Rejyon Kapital la, epi lis evènman ki adapte pou zanmi nan Plaza a se yon bon fason pou nou selebre sezon an, ankouraje rezidan ak vizitè yo pou dekouvri sa yo renmen epi vini fè pati amizman an".

Vis Prezidan Vant Komèsyal nan Highmark Blue Shield, Keith Dolan, te deklare, "Kòm yon plan sante kominotè, Highmark Blue Shield of Northeastern New York ap chèche bay opòtinite pou manm yo ak kominote a rete an sante ak aktif pandan ane a. Non sèlman evènman sa a ak ekleraj pyebwa a make kòmansman yon lòt sezon patinaj, men tou li lanse sezon fèt la nan yon plas kote fanmi, zanmi ak tout kominote a kapab rasanble san danje pou yon aktivite amizan ak sezonye".

Direktè Operasyon Sipèmakèt Hannaford yo, Andy Willette, te deklare, "Nou menm nan Hannaford, kontan anpil pou nou inogire yon lòt sezon ivè nan Empire State Plaza a an patenarya avèk Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la. Pandan prèske yon deseni, nou te ofri pworam lokasyon paten gratis nou an epi te wè popilarite li kontinye grandi. Ane sa a, nou pral yon lòt fwa ofri paten gratis nan samdi yo pou akomode fanmi ak moun ki vle ale sou glas la ak yo. Lansman lokasyon paten gratis nou an se samdi 4 desanm epi nou envite tout patinè yo pou vini ak jwi tradisyon apresye sa a sou yon patinwa ki bèl ak istorik ki bay sou Kapitòl Eta a".

Kalandriye Evènman:

- **Jounen Ouvèti Patinwa Empire State Plaza**, vandredi 3 desanm, midi - 8 p.m., avèk DJ G.I.F k ap pèfòme soti 6 rive 8 p.m.
- **Premye Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford pou sezon an**, 4 desanm
- **Ekleraj Pyebwa Nwèl Eta New York la prezante pa Highmark Blue Shield of Northeastern New York**, dimanch 5 desanm, midi - 8 p.m. Selebre sezon an avèk aktivite anplennè ke fanmi an ap sètènman renmen, sa gen ladan yon rock-and-skate (rock ak paten) avèk Skeeter Creek, demonstrasyon patinaj pa Klèb Patinaj Atistik Hudson Mohawk (Hudson Mohawk Figure Skating Club) pèfòmans pa Tuba Christmas ak opòtinite foto avèk Santa nan Cornerstone nan Plaza a. Magazen Stewart la pral ofri echantiyon lèt poul ak kafe nan gou fèt jiskaskè estòk la fini. Rafrechisman yo pral disponib tou pou achte nan B-Rad's Express ak Cornerstone nan Plaza. Seremoni ekleraj pyebwa ak fe atifis ofisyèl la, ke ekip maten News 10 ABC reyalize, ap kòmanse nan 5:15 p.m.
- **Great Train Extravaganza**, dimanch 5 desanm, 10 a.m. - 4:00 p.m., Sant Konvansyon Empire State Plaza. Pi gwo ekspozisyon modèl fewovye ak tren jwèt ki gen ladan plizyè douzèn vandè k ap ofri tren ki nouvo ak itilize pou vant, anplis pyès, rad, souvni, foto ak akseswa. Evènman an avèk tikè a pral gen ladan tou istwa ak objè istorik ak yon chemen de fè itineran pou vwayaj nan Sal Empire State Plaza. Tikè yo se 7 dola pou adilt epi gratis pou timoun ki gen mwens pase 12 ane.
- **Premye klinik Aprann Patine sezon an, ke Highmark Blue Shield of Northeastern New York prezante**, pral reyalize pa Klèb Patinaj Atistik Hudson Mohawk la. Samdi 11 desanm, 10 a.m. - midi. Gen klinik siplemantè ki pral ofri nan 8 janvyè 5 fevriye ak 5 mas. Pre-enskripsyon sou entènèt la obligatwa nan empirestateplaza.ny.gov. Sonje abiye jèn patinè yo avèk rad cho, chapo gan ak chosèt.

Enfòmasyon sou Patinwa sou Glas:

- **Lè:** Midi pou 8 p.m. Madi rive dimanch, si tan an pèmèt sa. Fèmen 3:30 - 4:30 p.m. nan jou semèn yo epi 2 - 3 p.m. ak 5 - 6 p.m. nan jou wikenn yo pou

antretyen. Patinwa a ap ouvri nan twa lendi: 27 desanm, 17 janvyè ak 21 fevriye.

- **Depans pou patine:** Gratis
- **Lokasyon Paten:** 4 dola pou adilt, 3 dola pou timoun ki gen 12 ane ak mwens. Yon idantite ki gen foto obligatwa pou kapab lwe paten. Chak samdi se Samdi Lokasyon Paten Gratis Hannaford.
- **Ekipman:** Kazye, lokasyon paten, ak rafrechisman disponib nan paviyon an vit ki toupre patinwa a. Kas pou timoun ak moun k ap mache sou glas/antrenè yo pou patinè debitan yo disponib tou gratis

Pou mizajou sou sitiwayon patinwa ak enfòmasyon anplis sou lve nan evènman ak aktivite Plaza a yo, ale sou empirestateplaza.ny.gov, @EmpireStatePlaza sou Facebook, ak @PlazaEvents sou Twitter, oswa rele (518) 474-4759.

Pou enfòmasyon sou evènman an, sa gen ladan pakin, enstriksyon ak règ debaz yo, ale sou empirestateplaza.ny.gov.

Esponnsò lve nan evènman Plaza a gen ladan Highmark Blue Shield of Northeastern NY, Hannaford Supermarkets, MVP Health Care, I Love NY, Hudson Mohawk Figure Skating Club, CDTA, SEFCU, Stewart's Shops, Times Union, PYX 106, 99.5 The River, 98.3 TRY, ak News 10 ABC.

###

Lèt nourel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)